Epatit B

Battu epatit day tekki fotta fotta bu res bi, te lu ne mën nako indi deme ni Garab yi ngeen jël ngir fàccu ci yeena jangooro yi, ba doomi jangooro yu lay dugg. Doomi jangooro epatit B(VHB) ci la bok, mel ni bu epatit A(VHA) ba epatit C(VHC) (xolal *Infovihtal #18*). Ndam tuur yi nuroo nan feear yu wutte lan te pàcc yi du been.

Mën am ni amee VIH boole si am tamit VHB ba VHC, ndaxte feebar noo bokk yoon yi niiy walle.

Niiru na ne VHB wanni wul da na ci metti feebaru VIH ba si gaawayam ci yokku,. Wante nak, bu feeke mu res nit di yaxu, am yeen garab yi xex doomi jangooro bi bañña bax. Tamit bu VIH wanni doole li yor sa karaange yaram epatit B mén na yokku.

Un baari ci nit ni du un yëgg sax ne feebaru VHB mu gi ci seen biir, ci boba am no xamne da leen di teeral yeen sa jeggi dayo, demee ni pëyiss(bët yu mboq ak der bi), ñakka lekk, biirbuy metti, yaram bu metit, xel my teey, waccu, suux suy metti ak tenŋ yuy metti ba yaram bu tank.

Sa yaram Mën la fàcc ci VHB te du jar garab. Am na No xamne lolu du mëna feebar bi day dem ba dess ci yaram bi, ndam du la teera, bu un ka fàccul mën indi tolof tolof yu reey res bi ba sa werguyaram.

Wallante bi ak Fagaaru gi

Du walle fónante, nuyoonte, lëŋonte, bokkante ndab lekk ba nan ak ku ame VHB, defiin xamne ëpp si bës yi. Niiroko ak VIH, VHB mu ngi walle ci jar yooni deret, ndoxum baax goor jigeen, tufliit ba ya yaay ak doom ci ëmb ba ci jamono maatu.

Mën dundi ci biiti yaram ay bës yu baari, ci diir bopp mën walla yeen ni nit.

Di jëfandikoo kapoot ba piingë ak jumtukaayam yu sëll mën wanni bu baax wallante gi. Amna tamit njàxa buy aar ci VHB.

Yaay ji tamit mën walla doom ji jangooro ji tax ba bëpp jigeen bu ëmb waar na setlu ndax amn epatit B. Bu ka amee, ngir bañ ko wal dan koy piingë Kolobiliin bi aar ci epatit b, liir bi tamit un njàxa ko bu jëkk bi bu amee 12 waxtu ci àdina.

Njaxa bi

Di na un Digal nan ni ame VIH nu njaxu epatit, bala boobu li un wara jëk def mooy un dem setlu seen deret ndax seen yaram mëssul denc doomu jangooro ji.

Njàxa bi ni nan kay jële ñetti piingë ci diiru juroom been wer. Njàxa bi wër ni lu ëpp 90% ci amee VIH yu jël aar na leen ci epatit B.

Waye nak, karaange li muy gëna yakk di wanneko tax ba que war nga koy yessal jëlaat beneen piingë.

Bu amee karaange yaram bu neew ndax VIH, mëna ne njàxa bi du jariñ dara. Bu lolu amee dañ leey digal nga xar ba amaat doole (ndax garab yi ngaay jël). Amna neena ci ni amee VIH un yessal njàxa bi ba yu gëna am doole. Ngir mu dox.

Setlu bi

Am na ëy setlu doktoor yu baari yuy tax nuy seytu naka epatit B di doxe, ak naka laay wone wo su res wi. Jël tuuti si sa deret doyna ngir setlu bi, yeene sa dia aajo xol yeneeni pexe, demee ni eskaner (Fibroscan®) ba opere bu ndaw ngir un res mel (biopsie).

Setlu yi da laay xamal kañ ngay tambali fàccu jangooro ji, xamiit naka garab yi di feexale.

Pàcc mi

Ndam amul loy fàcci epatit B ak garab bi leggi li ci jublu mooy wanni liimu VHB ci sa deret bu du feñña ti, li tax ba mëna aar, yeexal ba taxawal yax bi def ci res wi, mën sax dindi yax boobu bu tambali.

Ba nga tambali pàcc mi ci VIH, War nga xol ak sa doktoor ndax amee VHB, ndax di tax taana xet fàcc mi yomb. Ci masalaan amna garab (lamivudina, emtricitabina y tenofovir) yuy boole di fàcc VIH ak VHB.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida; Generalitat de Catalunya Departament de Salut, Programa de Prevenció i Assistència de la Sida; Ajuntament de Barcelona, Àrea d'Acció Social y Ciutadania; Diputació Barcelona, Àrea de Benestar Social

Colaboran: ETIS